

DÉZIÈM PATI

Sélébrasion mistè krétyin-an

DÉZIÈM SÉKSION

Sèt sakréman l'Égliz-la

TOUZIÈM CHAPIT

Sakréman pou sèvis kominion-an

ATIK 7

Sakréman Mariaj-la

1601 « Alians mariaj-la, koté yon gason ak yon fi fòmé ansanm yon kominoté pou tout lavi, fèt dapré karaktè natirèl-li pou byin épou-yo épi pou nésans ak édikasion pitit-yo, ant moun ki batizé-yo Kris Granmèt-la lèvé-l nan dignité yon sakréman » (CIC, can. 1055, § 1).

I. Mariaj-la nan projè Bondié-a

1602 Sint-Ékritu-a kòmansé ak kréasion gason-an ak fi-a dapré pòtré ak
369, 796 résanblans Bondié (cf. Gn 1, 26-27) li fini ak vizion « nòs Mouton-an » (Ap 19, 7. 9). Dépi nan kòmansman jouskalafin, Ékritu-a palé osijè Mariaj-la épi mistè li-a, osijè institision-l nan épi signifikasion Bondié té ba li-a, osijè orijîn ak finalité-l, osijè diféran fason li fèt nan déroulman istoua sové-a, osijè difikilté-l yo ki soti nan péché-a épi osijè rénouvèlman-l « nan Granmèt-la » (1 Co 7, 39), nan Nouvo Alians Kris-la ak l'Égliz-la (cf. Ep 5, 31-32).

Mariaj-la sou plan kréasion-an

1603 « Kominoté lavi intim épi rinmin konjigal-la Kréatè-a fondé-l antan li
371 établi prinsip li-yo [...]. Sé Bondié minm ki kréatè mariaj-la » (GS 48, § 1). Vokasion pou mariaj-la inskri nan natu gason-an ak fi-a minm, jan yo té soti nan min Kréatè-a. Institision mariaj-la pa yon sinp réalté moun, malgré kantité variasion li sibi nan déroulman sièk-yo nan diféran kilti, strikti sosial épi konpòtman spirituèl. Divèsité sa-yo pa doué fè yo bliyé
2331

2210 lign komin épi pèmanan li ginyin yo. Minm si sé pa tout koté institision sa-a té kléré ak minm klèté-a (cf. GS 47, § 2), poutan nan tout kilti-yo gin yon santiman grandè union mariaj-la. « Santé moun-nan ak sosiété moun-yo épi sosiété krétyin-an gin konéksion séré ak bon kondision ki favorab pou kominoté mariaj-la ak pou fanmi-an » (GS 47, § 1).

1604 Bondié kréyé moun-nan pasé-l rinmin-l, li rélé-l tou pou-l rinmin, sé sa
355 ki vokasion fondamantal tout moun ginyin kòm moun dépi-l fèt. Réyèlman sé dapré pòtré ak résanblans Bondié moun-nan kréyé (cf. Gn 1, 27) épi Bondié li-minm « sé Rinmin » (cf. 1 Jn 4, 8. 16). Lè Bondié kréyé-l gason ak fi, rinmin youn gin pou lòt-la tounin pòtré rinmin san kondision épi ki pa kapab défèt Bondié gin pou moun-nan. Sa-a bon, plis toujou li bon anpil, dévan jé Kréatè-a (cf. Gn 1, 31). Épi rinmin sa-a, Bondié béni-l, li déstiné-l pou-l donnin frui épi pou-l réalizé travay ansanm pou konsèvé kréasion-an : « Bondié béni yo, épi Bondié di yo : “Dévlopé, vîn anpil, plin tè-a, mété-l anba lòd nou” » (Gn 1, 28).

1605 Sint-Ékritu-a bay asirans yo kréyé gason-an ak fi-a youn pou lòt : « Li
372 pa bon pou moun nan sèl pou kont li » (Gn 2, 18). Fi-a, « chè ki soti nan chè »-l (cf. Gn 2, 23), sètadi ki égal avè-l, ki toupré-l nèt, Bondié ba li-l kòm « yon èd pou li » (cf. Gn 2, 18), konsa li réprézanté Bondié koté sékou-nou vîn soti-a (cf. Ps 121, 2). « Sé pousa mésié-a ap kité papa-l ak manman-l épi l-ap kolé kò-l kot madanm li, épi yo toulédé ap yon sèl chè » (Gn 2, 24). Granmèt-la li-minm montré sa vlé di yon unité lavi ki pa kapab défèt ant toulédé, antan-l raplé kisa ki té projè Kréatè-a « nan kòmansman » (cf. Mt 19, 4) : « Sé pousa yo pa dé ankò, min sé yon sèl chè yo yé » (Mt 19, 6).

1614 **Mariaj-la anba dominasion péché-a**

1606 Tout moun fè ékspérians mal-la nan li épi alantou-l. Yo ouè ékspérians sa-a tou minm nan rélasyon ant gason-an ak fi-a. Nan tout épòk, union yo-a ménasé ak dézakò, léspri dominasion, infidélité, anvié sò lòt épi batay ki kapab rivé jous nan rayi épi séparasion. Dézòd sa-a kapab manifésté yon fason plizoumoin grav épi yo kapab rivé dépasé-l plizoumouin dapré kilti-yo, épòk-yo, moun-yo, min sanblé li gin yon karaktè inivèsèl.

1607 Dapré lafoua-a, dézòd sa-a nou konstaté yon fason ki fè nou soufri, li
1849 pa soti nan *natu* gason-an ak fi-a ni nan natu rélasyon yo-a, min nan *péché-a*. Prémié péché-a ki té yon détachman parapò a Bondié vîn gin
400 kòm prémié konsékans yon déchiré kominion orijinèl gason-an ak fi-a. Rélasyon yo-a vîn tòdé ak répròch y-ap fè youn lòt (cf. Gn 3, 12) ; atirans youn pou lòt-la, ki pròp kado Kréatè-a fè yo (cf. Gn 2, 22), vîn chanjé tounin yon rélasyon dominasion épi mové anvi (cf. Gn 3, 16 b) ; bèl vokasion gason-an ak fi-a pou yo donnin frui, multiplié épi soumèt tè-a (cf. Gn 1, 28) vîn anba poua doulè anfantman-an épi travay pou rivé jouinn pin-an (cf. Gn 3, 16-19).

1608 Poutan, lòd kréasion-an rété, minm si-l troublé sérié. Pou géri blésu
55 péché-a, gason-an ak fi-a bézouin sékou lagras-la, sa Bondié pa janm
réfizé yo nan mizérikòd san limit li-a (cf. Gn 3, 21). San èd sa-a, gason-an
ak fi-a pa kapab rivé réalizé union lavi yo-a, sa Bondié té kréyé yo pou li-
a « nan kòmansman-an ».

Mariaj-la anba pédagoji Laloua-a

1609 Bondié nan mizérikòd-li pa-t abandoné moun-nan ki fè péché.
410 Chatiman ki té konsékans péché-a : doulè akouchman-an (cf. Gn 3, 16),
travay « nan suè figi-a » (Gn 3, 19), sé rémèd yo té yé tou ki diminué
kondansyon péché-a. Apré déchéans-la, mariaj-la édé pou ranpòté
viktoua sou tandans « égoyis »-la, chèché pròp plézi pa-ou la, épi pou
moun-nan ouvri pròp tèt-li bay lòt, pou youn chèché édé lòt, pou moun-
nan bay pròp tèt-li.

1610 Konsians moral-la parapò a jan mariaj-la doué fè youn (unité) épi li pa
1963, 2387 kapab défèt-la (indisolub) vîn ogmanté anba pédagodi ansyin Laloua-a.
Yo poko réjité éksplisitman poligami patriarch-yo ak roua-yo. Poutan
Laloua Moyiz transmèt-la t-ap chèché défann fi-a kont dominasyon abitrè
gason-an, minm si li-minm tou li gin tras « kè di » gason-an ladan-l dapré
paròl Granmèt-la, sé poutèt sa Moyiz té pèmèt yo ranvouayé madanm-nan
(cf. Mt 19, 8 ; Dt 24, 1).

1611 Antan yo ouè Alians Bondié ak Israèl-la anba imaj rinmin éksklizif épi
219, 2380 fidèl mariaj-la (cf. Os 1-3 ; Is 54 ; 62 ; Jr 2-3 ; 31 ; Ez 16 ; 23), profèt-yo
té préparé konsians pèp yo chouazi-a pou li konprann pi afon karaktè yon
2361 sèl mariaj-la ki pa kapab défèt-la (cf. Ml 2, 13-17). Liv Rut épi Tobi bay
témouagnaj ki touché kè osijè konsépsion élvé yo té gin sou mariaj-la,
osijè fidèlité-a épi tandrès ant moun ki marié-yo. Tradisyon-an toujou ouè
nan Kantik dè kantik-la yon ékspréssion patikilié rinmin moun-nan, nan
mézi li réflété rinmin Bondié-a, yon rinmin ki « fò tankou lanmò »
épi « gran dlo-yo pa kapab étinn » (Ct 8, 6-7).

Mariaj-la nan Granmèt-la

1612 Alians mariaj ant Bondié ak pèp li-a Israèl t-ap préparé Nouvo Alians
521 pou tout tan-an koté Pitit Bondié-a, antan-l inkarné épi li bay lavi-li, li fè
tout ras moun-nan ki sovè-a vîn fè yon sèl avèk li yon sètin fason (cf. GS
22), antan-l préparé konsa « nòs Mouton-an » (Ap 19, 7. 9).

1613 Nan papòt lavi piblik li-a, Jézu fè premié sign li-an – antan manman-l
té mandé-l sa – nan yon fèt mariaj (cf. Jn 2, 1-11). L'Égliz bay prezans
Jézu nan nòs Kana-a yon gran inpòtans. La-a li ouè konfirmasyon bonté
mariaj-la épi anons mariaj-la pral yon sign éfikas prezans Kris-la dépi lè
sa-a.

- 1614 Antan l-ap préché, Jézu té anségné san viré-tounin signifikasion
 2336 orijinèl union gason-an ak fi-a, jan Kréatè-a té vlé-l nan kòmansman-an :
 2382 pèmision Moyiz té bay-la pou ranvouayé pròp madanm ou-an, té yon
 konsésion poutèt kè di-a (cf. Mt 19, 8) ; union gason-an ak fi-a nan
 mariaj-la pa kapab défèt : sé Bondié li-minm ki réalizé-l : « Konsa sa
 Bondié mété ansanm, moun pa doué séparé-l » (Mt 19, 6).
- 1615 Insistans sa-a san viré-tounin sou jan chinn mariaj-la pa kapab défèt-la
 2364 té kapab anbarasé moun (pèpléksité) épi prèské sanblé yon égzijans ki pa
 kapab réalizé (cf. Mt 19, 10). Poutan Jézu pa-t mété sou épou-yo yon poua
 yo pa t-a kapab poté épi ki t-a trò lou (cf. Mt 11, 29-30), pi lou pasé
 Laloua Moyiz-la. Antan-l vini pou-l réstoré premié lòd kréasion-an, sa
 péché-a té troublé-a, sé li-minm ki bay fòs ak lagras pou viv nan mariaj-la
 dapré nouvo dimansion Rouayòm Bondié-a. Moun ki marié-yo, antan y-
 ap suiv Kris-la, yo rénonse pròp tèt-yo, antan yo poté koua yo (cf. Mc 8,
 34) y-ap kapab « konprann » (cf. Mt 19, 11) sans orijinèl mariaj-la épi
 1642 avèk sékou Kris-la viv dapré sans sa-a. Lagras mariaj krétyin sa-a sé frui
 koua Kris-la ki sous tout lavi krétyin-an.
- 1616 Sé sa Apot Pòl fè konprann antan-l di : « Mésié-yo, sé pou nou rinmin
 madanm-nou tankou Kris-la té rinmin Égliz-la épi li rinnèt tèt-li pou li,
 pou-l té fè-l vîn sin » (Ep 5, 25-26), épi tousuit li ajouté : « “Sé poua
 mésié-a ap kité papa-l ak manman-l épi l-ap kolé kò-l kot madanm li, yo
 dé-a y-ap vîn yon sèl chè”. Mistè sa-a gran, mouin di sa minm osijè Kris-
 la ak Égliz-la ! » (Ep 5, 31-32).
- 1617 Tout lavi krétyin-an poté mak rinmin Kris-la pou l'Égliz-la tankou nan
 796 mariaj-la. Déja Batèm-nan, ki fè antré nan pèp Bondié-a, sé yon mistè
 mariaj : sé tankou yon bingn nòs (cf. Ep 5, 26-27) yo fè anvan résépsion
 nòs-la, Ékaristi-a. Mariaj krétyin-an, sou bò pa-l, sé yon sign éfikas, yon
 sakréman Alians Kris-la ak l'Égliz-la. Poutèt li signifié épi li kominiké
 lagras-la, Mariaj-la ant batizé-yo sé yon véritab sakréman Nouvo Alians-
 la (cf. DS 1800 ; CIC, can. 1055, § 2).

Virjinité pou Rouayòm-nan

- 1618 Sé Kris-la ki pouin santral tout lavi krétyin-an. Rapò ki ataché nou
 2232 avèk li-a sé li ki gin premié plas parapò a tout lòt atach fanmi-an ak
 1579 sosiété-a (cf. Lc 14, 26 ; Mc 10, 28-31). Dépi nan kòmansman l'Égliz-la,
 té gin gason ak fi ki té rénonse gran byin mariaj-la pou yo suiv Mouton-an
 tout koté li pralé (cf. Ap 14, 4), pou yo té okipé afè Granmèt-la, épi
 chèché fè-l plézi (cf. 1 Co 7, 32), pou yo al rankontré Épou-a k-ap vini-an
 (cf. Mt 25, 6). Kris-la li-minm invité kèk moun pou yo suiv-li nan mòd
 lavi sa-a, koté sé li-minm ki rété kòm modèl-la :

« Gin gason ki pa nan kondision pou yo fè pitit, dépi nan vant manman yo sé
 konsa yo fèt ; gin gason ki pa nan kondision pou yo fè pitit, sé lòt moun ki fè
 yo sa ; gin gason ki pa nan kondision pou yo fè pitit, sé yo minm ki mété

pròp tèt yo nan kondision sa-a poutèt péyi-roua sièl-yo. Moun ki kapab konprann, sé pou-l konprann » (Mt 19, 12).

1619 Virjinité pou Rouayòm sièl-yo sé déplouaman lagras Batèm-nan, yon
922-924 sign puisan premié plas atachman ak Kris-la ginyin-an épitou rété tann aktivman li rétonin-an, sé yon sign ki raplé tou mariaj-la sé yon réalité tan kounié-a k-ap pasé-a (cf. Mc 12, 25 ; 1 Co 7, 31).

1620 Yo toulèdé, sakréman Mariaj-la épi virjinité poutèt Rouayòm Bondié-
2349 a, sé nan Granmèt-la li-minm yo soti. Sé li-minm ki ba yo signifikasyon épi ki bay lagras ki nésésè pou viv nan yo dapré volonté-l (cf. Mt 19, 3-12). Konsidérasion valè virjinité pou Rouayòm-nan ginyin (cf. LG 42 ; PC 12 ; OT 10) épi signifikasyon Mariaj krétyin-an ginyin pa kapab séparé épi yo favorizé youn lòt :

« Moun ki kondané mariaj-la, li diminué gloua virjinité-a tou ; moun ki fè louanj-li, li fè virjinité-a vîn pi ékstraòdinè [...]. Paské sa-k sanblé yon byin an konparézon ak sa-k pi mal, sé apèn si-l t-a yon byin ; min sa-k pi bon parapò a sa tout moun konsidéré kòm byin, sé yon byin ki pi ro toujou » (S. Jean Chrysostome, virg. 10, 1 : PG 48, 540A) ; cf. FC 16).

II. Sélébrasion Mariaj-la

1621 Nan rit latin-an, sélébrasion Mariaj-la ant dé fidèl katolik nòmalmman sé
1323 anndan sint Mès-la yo fè-l poutèt rapò tout sakréman-yo ginyin ak mistè Pak Kris-la (cf. SC 61). Nan Ékaristi-a sé mémorial Nouvo Alians-la ki réalisé, koté Kris-la fè Épouz li-a li rinmin-an, l'Égliz-la, fè youn avèk li pou tout tan, sa-l té rinmèt pròp tèt-li pou li-a (cf. LG 6). Sé poutèt sa li konv nab pou épou-yo mété so sou konsantman pou youn ofri lavi-l bay lòt-la antan yo fè-l fè youn ak ofrann Kris-la pou l'Égliz li-a ki vîn prézan
1368 nan Sakrifis ékaristik-la, épi pou antan yo résévoua Ékaristi-a, antan yo kominié nan minm kò ak minm san Kris-la, yo vîn fòmé « yon sèl kò » nan Kris-la (cf. 1 Co 10, 17).

1622 « Kòm yon aksion sakramantèl sanktifikasyon, sélébrasion Mariaj-la –
1422 ki ataché ak litiji-a – doué valid nan li-minm, dign épi donnin frui » (FC 67). Sé poutèt sa li konv nab pou moun ki pral marié-yo préparé yo pou sélébrasion Mariaj yo-a antan yo résévoua sakréman Pénitans-la.

1623 Dapré tradision latîn-nan, sé épou-yo, kòm minis lagras Kris-la, k-ap
bay youn lòt sakréman Mariaj-la, antan yo bay konsantman yo-a dévan l'Égliz-la. Nan tradision l'Égliz Oriental-yo, minis sakré-yo – Évèk-yo oubyin prèt-yo – sé témouin konsantman épou-yo bay youn lòt-la (cf. CCEO, can. 817), min tou bénédiksion yo-a nésésè pou validité sakréman-an (cf. CCEO, can. 828).

1624 Diféran litiji-yo rich ak priyè bénédiksion épi Épiklèz koté y-ap mandé Bondié lagras ak bénédiksion sou nouvo épou-yo, spésialman sou épouz-

736 la. Nan Épiklèz sakréman sa-a, épou-yo résévoua Éspri-Sin-an kòm komi-
nion rinmin Kris-la ak l'Égliz-la (cf. Ep 5, 32). Sé li-minm ki so aliens yo-
a, sous ki toujou ofri pou rinmin yo-a, fòs koté y-ap rénovlé fidéлитé yo-a.

III. Konsantman matrimonial-la

1625 Nan aliens mariaj-la prémié aktè-yo sé gason-an ak fi-a ki batizé, ki lib
1734 pou yo kapab marié épi ki éksprimé konsantman yo libréman. « Lib » sa
vlé di :

– sé pa yon kontrint y-ap sibi ;

– yo pa gin anpèchman ki soti nan laloua natirèl-la oubyin ékléziastik-la.

1626 L'Égliz-la konsidéré échanj konsantman ant épou-yo kòm éléman
2201 nésésè ki « fè mariaj-la » (CIC, can. 1057, § 1). Si pa gin konsantman-an,
pa gin mariaj.

1627 Konsantman-an sé yon « akt moun-nan pozé koté épou-yo bay épi
1735 résévoua youn lòt » (GS 48, § 1 ; cf. CIC, can. 1057, § 2) : « Mouin
résévoua-ou kòm madanm mouin... » ; « Mouin résévoua-ou kòm mari
mouin... » (OcM 45). Konsantman sa-a ki fè épou-yo fè youn antré yo, li
jouinn akonplisman-lè yo toulèdé ap tounin « youn sèl chè » (cf. Gn 2,
24 ; Mc 10, 8 ; Ep 5, 31).

1628 Konsantman-an doué yon akt volonté chak moun k-ap fè kontra-a
antan yo lib anba tout violans oubyin krint grav sou pa déyò (cf. CIC, can.
1103). Pa gin okinn pouvoua moun ki kapab pran plas konsantman sa-a
(CIC, can. 1057, § 1). Si libètè sa-a t-a manké, Mariaj-la invalid.

1629 Poutèt rézon sa-a (oubyin pou lòt rézon ki kapab fè Mariaj-la nul épi li
pa janm fèt : cf. CIC, can. 1095-1107), l'Égliz-la kapab, apré égzamin
sitiasion-an ki fèt nan tribinal ékléziastik ki gin konpétans pou sa, déklaré
« Mariaj-la nul », sètadi, Mariaj-la pa-t janm égzisté. Nan ka sa-a, moun
ki té kontrakté-l yo lib pou yo al marié, min yo doué kinbé obligasion
natirèl ki soti nan union anvan-an (cf. CIC, can. 1071).

1630 Prèt-la (oubyin diak-la) ki asisté sélébrasion Mariaj-la, résévoua
konsantman épou-yo nan non l'Égliz-la épi yo bay bénédikcion l'Égliz-la.
Prézans minis l'Égliz-la (épi tou témouin-yo) éksprimé yon fason vizib,
Mariaj-la sé yon réalité éklézial.

1631 Sé sa-k fè l'Égliz-la mandé fidèl li-yo nòmalmant *fòm ékléziastik-la*
pou yo kapab kontrakté Mariaj-la (cf. Cc. Trente : DS 1813-1816 ; CIC,
can. 1108). Pliziè rézon pèmèt ékspliké détèminasion sa-a :

1069 – Mariaj sakramantèl-la sé yon akt *litijik*. Sé poutèt sa li konvnab pou sé
nan yon litiji piblik l'Égliz-la yo sélébré-l ;

1537 – Mariaj-la introdui nan yon *òrd* éklézial-la, li antréné doua ak obligasion
nan l'Égliz-la ant épou-yo épi parapò a pitit-yo ;

- kòm Mariaj-la sé yon sitiasion lavi nan l'Égliz-la, li nésèsè pou gin asirans osijè Mariaj-la (sé poutèt sa témouin-yo obligatoua) ;
 2365 – karaktè piblik-la protéjé konsantman sa-a, aprè yo fîn bay li, épi li édé pou kinbé fidéлитé-a aléga-l.
- 1632 Pou konsantman épou-yo kapab yon akt lib épi réponsab, épi pou aliens mariaj-la gin fondman solid k-ap diré sou plan moun épi sou plan krétyin, *préparation pou Mariaj-la* gin yon inpòtans nan pi ro degré :
- 2206 Égzanp épi fòmasyon paran-yo ak fanmi-yo bay sé yon chémin spésial pou préparasyon-an.
- Fonksion Pastè-yo épi kominoté krétyin-yo nan mézi « fanmi Bondié-a » nésèsè pou transmèt sa-k fè valè mariaj-la ak fanmi-an sou plan moun ak sou plan krétyin-an (cf. CIC, can. 1063), pi plis toujou paské nan tan nou-yo anpil jèn ap ékspérimanté fanmi-yo ki krazé ki pa pèmèt inisiasion sa-a fèt sifizaman ankò :
- « Sé pou yo instrui jèn-yo atan, yon fason ki adapté, osijè dignité rinmin konjigal-la, fonksion-li ak égzèsis-li, sé anndan fanmi-an sitou pou sa fèt, pou antan yo fòmé pou kiltivé vi séksuèl byin réglé-a, y-ap kapab angajé-yo nan mariaj-la lè laj-la va rivé, apré fiansay ki onèt » (GS 49, § 3).
- 2350

Mariaj mikst épi avèk kult ki pa minm

- 1633 Nan anpil réjion, sitiasion *mariaj mikst* (ant yon katolik épi yon batizé ki pa katolik) rivé asé souvan. Sa mandé yon atansion spésial sou bò épou-yo épi Pastè-yo ; ka mariaj ak *kult ki pa minm* (disparité de culte) (ant yon katolik ak yon moun ki pa batizé) mandé plis atansion toujou.
- 1634 Diférans kouayans ant épou-yo pa yon obstak yo pa kapab dépasé pou mariaj-la, lè yo chak vlé poté sa yo gin an komin yo té résévoua nan kominoté yo-a épi aprann ansanm kijan yo chak viv fidéлитé yo aléga Kris-la. Min yo pa doué souzéstimé difikilté mariaj mikst-yo. Yo soti nan séparation ki poko dépasé ant krétyin-yo. Épou-yo nan danjé pou yo ékspérimanté anndan pròp kay yo séparation ant krétyin-yo yon fason trajik. Disparité kult-la (kult ki pa minm-nan) kapab fè difikilté sa-yo pi grav toujou. Diférans parapò a lafoua-a, konpréansion mariaj-la minm, épi minm fason yo pansé ki diféran sou plan rélijion-an, kapab tounin yon sous tansion nan mariaj-la, sitou parapò a édikasyon pitit-yo. Lè sa-a gin yon tantasion ki kapab prézanté : sé indiférans parapò a rélijion-an.
- 817
- 1635 Daprè doua aktuèl l'Égliz latîn-nan, pou mariaj mikst-la kapab lisit li bézouin *pèmission éksplisit* otorité ékléziastik-la (cf. CIC, can. 1124). Nan ka disparité kult-la yo bézouin yon *dispans éksplisit* parapò a anpèchman-an pou validité Mariaj-la (cf. CIC, can. 1086). Pèmission sa-a oubyin dispans sa-a sipozé toulèdé pati-yo konnin épi yo pa ékskli finalité ak karaktéristik ésansièl Mariaj-la ; épitou pati katolik-la doué konfirmé obligasion li ginyin yo, épi li kominiké sa bay pati ki pa katolik-la pou-l

kapab konnin yo, pou-l kinbé pròp lafoua-l épi pou-l batizé épi édiké pitit li-yo nan l'Égliz katolik-la (cf. CIC, can. 1125).

1636 Nan anpil réjion, poutèt dialòg ékuménik-la, kominoté krétyin-yo ki
821 konsèné té établi *aksion pastoral komin pou mariaj mikst-yo*. Fonksion-l sé édé épou-yo pou yo viv sitiasion patikilié yo-a anba limiè lafoua-a. Kalité aksion sa-a doué édé yo tou pou yo dépasé tansion-yo ant obligasion épou-yo ginyin youn pou lòt épi aléga kominoté eklézial yo-a. Sa doué favorizé kouasans sa yo ginyin ki komin nan lafoua-a épi respè pou sa ki séparé yo-a.

1637 Nan mariaj ak disparité kult-yo, épou katolik-la gin yon fonksion patikilié : « Mari-a réyèlman ki pa kouè-a, li sanktifié nan madanm-nan ; épi madanm-nan ki pa kouè-a, li sanktifié nan frè-a » (1 Co 7, 14). Sé yon gran kè kontan pou épou krétyin-an épi pou l'Égliz-la si « sanktifikasion » sa-a minnin lòt épou-a rivé libréman nan konvèsion vîn nan lafoua krétyin-an (cf. 1 Co 7, 16). Sinsérité rinmin ant épou-yo, pratik vèrtu familial-yo ak umilité épi pasians épi pèsévérans nan priyè-a kapab préparé épou ki pa kouè-a pou-l résévoua lagras konvèsion-an.

IV. Rézilta sakréman Mariaj-la

1638 « Apati Mariaj valid-la gin yon *attach* ki pran nésans ant épou-yo ki pou tout tan épi éksklizif dapré natu-li ; an plis, nan Mariaj krétyin-an épou-yo fòtififié épi kòm konsakré ak yon *sakréman spésial* pou devoua ak dignité kondision yo-a » (CIC, can. 1134).

Atach matrimonial-la

1639 Konsantman koté épou-yo bay pròp tèt yo-a épi résévoua youn lòt-la, Bondié mété so-l sou li (cf. Mc 10, 9). Apati aliens yo-a, « sé yon institi-sion ki soti byin solid dapré lòd Bondié, minm parapò a sosiété-a » (GS 48, § 1). Aliens épou-yo vîn antré nan Aliens Bondié ak moun-yo : « Rin-min konjigal otantik-la yo pran-l nan rinmin Bondié-a » (GS 48, § 2).

1640 Sé poutèt sa *lyin attach matrimonial-la* sé Bondié li-minm ki établi-l, yon fason pou Mariaj ki kontrakté ant dé batizé épi ki konsomé-a yo pa janm kapab kasé-l. Atach sa-a ki sot nan yon akt épou-yo kòm moun ki lib épi apré konsomasion ki suiv mariaj-la, sé yon réalité définif yo pa kapab révoké épi ki fè gin yon aliens ki garanti sou fidélté Bondié-a. L'Égliz-la pa gin pouvoua pou-l prononsé-l kont dispozision sajès Bondié sa-a (cf. CIC, can. 1141).

2365

Lagras sakréman Mariaj-la

1641 « Nan kondision lavi yo épi nan pròp ròl pa-yo, [épou krétyin] yo gin pròp kado pa-yo nan Pèp Bondié-a » (LG 11). Lagras sa-a ki pròp pou

sakréman Mariaj-la li déstiné pou-l pèféksioné rinmin épou-yo, pou-l ranfòsé youn yo fè youn yon fason ki pa kapab défèt-la (unité indisolub-la). Yo minm, ak lagras sa-a « y-ap édé youn lòt pou yo vîn sin nan lavi konjigal-la, nan akéyi épi édiké pitit yo » (LG 11 ; cf. LG 41).

1642 *Kris-la sé sous lagras sa-a.* « Minm jan Bondié té vîn dévan pèp li-a
1615 lontan ak yon alians rinmin épi fidélimité, sé konsa tou kounié-a Sovè moun-
796 yo épi Épou Égliz-la, vîn rankontré épou krétyin-yo palintèmediè
sakréman mariaj-la » (GS 48, § 2). Li rété avèk yo, li ba yo fòs pou yo
suiv li antan yo pran koua yo, pou yo lévé chak foua yo tonbé, pou yo
padoné youn lòt, pou youn poté chaj lòt (cf. Ga 6, 2), pou yo « youn obéyi
lòt nan krint Kris-la » (Ep 5, 21) épi pou yo rinmin youn lòt ak yon rinmin
surnaturèl, ki délika épi ki donnin frui. Nan kè kontan rinmin yo-a épi nan
lavi familial-la, dépi kounié-a sou tè-a, li ba yo yon avangou résépsion nòs
Mouton-an :

« Koté réyéman m-ap kapab rivé rakonté kontantman mariaj sa-a, sa
l'Égliz-la réyini-an épi sa ofrann-nan konfirmé-a épi bénédikcion-an maké-a,
sa anj-yo proklamé-a, sa Papa ratifié-a ? [...] Ala yon jouk sa-a koté dé fidèl
vîn gin yon sèl éspérans, yon sèl dézi, yon sèl disiplin, minm sèvis-la !
Toulèdé sé frè, toulèdé sé sèvitè ansanm ; pa gin anyin ki séparé yo ni nan
léspri ni nan chè, okontrè yo vrèman dé nan yon sèl chè. Koté sé yon sèl chè,
sé yon sèl éspri » (Tertullien, ux. 2, 9 ; cf. FC 13).

V. Byin ak égzijans amou mariaj-la

1643 « Amou épou-yo gin ladan-l yon totalité, koté tout pati moun-nan
2361 antré – sa kò-a ak instin-an mandé, fòs sansibilité-a ak aféksion-an, sa
éspri-a ak volonté-a anvi – ; l-ap chèché pou yo vîn fè youn tankou yon
sèl pèrson nèt, sètadi fè youn sa-a ki alé pi louin pasé kominion nan yon
sèl chè-a pou pa gin anyin dòt pasé yon sèl kè épi yon sèl nanm ; li égzijé
vrèman *impossibilité défèt unité-a (indissolubilité)* épi *fidèlité* youn bay lòt-
la nèt-la épi li parèt nan *donnin frui-a (fécondité)*. An rézime sé osijé
karaktéristik ninpòt ki rinmin natirèl ant épou-yo, min ki vîn gin yon
nouvo signifikasion, ki pa sèlman purifié yo épi konfirmé yo, min tou ki
tèlman lévé yo anlè li fè yo tounin déklarasion kalité byin ki pròp pou
krétyin-yo » (FC 13).

Mariaj-la fè youn (unité) épi yo pa kapab défèt li (indisolub)

1644 Rinmin épou-yo ginyin-an, poutèt sa-l yé minm, li égzijé pou kominoté
yo fòmé pèsonèlman-an ki anbrasé tout lavi yo-a fè youn (unité) épi pa
kapab défèt (indissolubilité) : « Sa Bondié mété ansanm, moun pa doué
séparé-l » (Mt 19, 6 ; cf. Gn 2, 24). Épou-yo « angajé pou yo grandi san
rété nan kominion yo-a gras a fidélimité chak jou-a aléga promès don total
youn bay lòt nan mariaj-la » (FC 19). Kominion sa-a dapré sa moun-nan
yé-a, li vîn konfirmé, purifié, pèféksioné ak kominion nan Jézu-Kri-a, sa

sakréman Mariaj-la bay-la. Li vîn aprofondi gras a lafoua y-ap viv ansanm-nan épi Ékaristi-a yo résévoua ansanm-nan.

1645 « Égalité dignité kòm moun, yo doué rékonèt pou gason-an ak fi-a nan
369 aféksion rinmin youn gin pou lòt anplin-an, sa byin montré unité mariaj-la, unité sa-a Granmèt-la konfirmé-a » (GS 49, § 2). *Poligami-an* kontrè ak égal dignité sa-a épi ak karaktè rinmin épou-yo ki youn pou lòt sèlman épi éksklizif (cf. FC 19).

2364-2365 **Fidélité rinmin mariaj-la**

1646 Rinmin-an nan mariaj-la, poutèt sa-l yé-a minm, li égzijé pou épou-yo gin yon fidélité yo pa kapab dézonoré. Sa sé konsékans kado épou-yo fè youn lòt-la. Rinmin-an vlé définitif. Li pa kapab yon « joutan nou pran youn lòt désizyon ». « Union intim sa-a, poutèt li sé kado dé moun bay youn lòt, épitou poutèt byin timoun-yo, li égzijé fidélité total épou-yo épi li mandé pou unité yo-a pa kapab défèt (indisolub) » (GS 48, § 1).

1647 Rézon ki pi fondamantal pou sa, yo jouinn li nan fidélité Bondié pou Alians li-a, fidélité Kris-la pou l'Égliz-la. Palintèmediè sakréman Mariaj-la épou-yo vîn kapab fè fidélité sa-a vîn prézan épi témouagné-l. Gras a sakréman-an, karaktè Mariaj-la ki pa kapab défèt-la vîn gin yon nouvo signifikasyon ki pi afon.

1648 Sa kapab parèt difisil, oubyin minm inposib, pou yon moun t-a ataché-l pou tout lavi-l ak yon lòt. Sé poutèt sa minm li inpòtan nan pi ro dégré pou proklamé Bòn Nouvèl-la : Bondié rinmin nou ak yon rinmin définitif épi san rétou (san gadé dèyè), épou-yo patisipé nan rinmin sa-a k-ap kondui yo épi soutni yo, palintèmediè fidélité yo-a yo kapab tounin témouin fidélité rinmin Bondié-a. Épou-yo ki bay témouagnaj sa-a ak lagras Bondié-a, anpil foua nan sitiasion ki difisil anpil, yo mérité rékonésans épi apui kominoté éklézial-la (cf. FC 20).

1649 Poutan gin sitiasion koté lavi ansanm nan mariaj-la vîn pratikman
2383 inposib pou rézon ki kapab byin diféran. Nan ka sa-yo, l'Égliz-la admèt pou épou-yo *séparé* fizikman épi pa viv ansanm ankò. Épou-yo pa sispann mari ak madanm dévan Bondié ; yo pa lib pou yo kontrakté yon lòt union. Nan sitiasion difisil sa-yo, si rékonsiliasion-an posib sé pi bon solision-an. Kominoté krétyin-an gin vokasyon pou-l édé moun sa-yo pou yo viv kòm krétyin nan sitiasion yo-a, nan fidélité aléga lyin atach mariaj yo-a yo toujou pa kapab défèt-la (cf. FC 83 ; CIC, can. 1151-1155).

1650 Nan pliziè réjion, gin anpil katolik ki, dapré laloua sivil-la, rivé nan
2384 *divòs* épi ki kontrakté yon nouvo union sivil. L'Égliz-la, poutèt fidélité aléga paròl Jézu-Kri-a (« Ninpòt ki moun ki ranvouayé madanm-li épi ki pran youn lòt, li fè youn adiltè sou li. Épi si youn madanm ranvouayé mari-l épi li marié ak yon lòt, li fè adiltè » : Mc 10, 11-12), konsidéré li pa kapab rékonèt nouvo union sa-a kòm valid, si premié mariaj-la té valid. Si moun

ki divòsé-yo fè yon nouvo nòs sivil, yo nan yon sitiasion ki kontrè objéktivman ak Laloua Bondié-a. Poutèt sa yo pa kapab résévoua Kominion ékaristik-la, tout tan sitiasion sa-a kontinué. Pou minm rézon-an, gin kèk responsabilité éklézial yo pa kapab égzèsé. Yo kapab bay rékonsiliasion palintémèdiè sakréman Pénitans-la sèlman pou sa-yo ki fè pénitans poutèt yo té transgrésé sign Alians-la épi fidéлитé aléga Kris-la, épi yo angajé pròp tèt-yo pou yo viv nan kontinans nèt.

1651 Parapò a krétyin k-ap viv nan sitiasion sa-a épi anpil foua ki kinbé lafoua-a épi souété édiké pitit yo an krétyin, prèt-yo ak tout kominoté-a doué okipé yo avèk atansion, pou yo pa konsidéré pròp tèt-yo kòm séparé ak l'Égliz-la, antan kòm batizé yo kapab épi yo doué patisipé nan lavi-l :

« Sé pou yo invité yo an plis pou yo kouté Paròl Bondié-a, pou yo asisté Sakrifis Mès-la, pou yo pèsévéré nan priyè-a, pou yo édé inisiativ kominoté-a pou aksion charité épi an favè jistis-la, pou yo élvé pitit yo nan lafoua krétyin-an, pou yo konsèvé éspri ak aksion pénitans-la pou konsa yo mandé lagras Bondié chak jou » (FC 84).

2366-2367

Yon mantalité ki ouvri pou fékondité-a

1652 « Daprè karaktè natirèl-li minm, institision mariaj-la ak rinmin épou-
972 yo fèt pou prokréasion ak édikasion timoun-yo épi sé yo ki kouroné-l nan tèt » (GS 48, § 1) :

« Pitit-yo sé pi bon kado mariaj-la épi yo poté pi gran konkou-a pou byin paran-yo yo minm. Bondié minm ki té di : “li pa bon pou moun-nan pou kont-li” (Gn 2, 18) épi « ki té fè moun-nan gason ak fi dépi nan kòmansman-an » (Mt 19, 4), antan-l té vlé kominiké yon patisipasion spésial nan pròp pouvoua krèatè-l la, li té béni mari-a ak madanm-nan antan-l di : “ogmanté épi multiplié nou” (Gn 1, 28). Sé sa-k fè yon véritab rinmin ant épou-yo ki byin kiltivé, ansanm ak tout lavi familial ki sòti ladan-l, san nou pa mété lòt objéktif mariaj-la an dézièm, sa sèvi pou épou-yo byin dispozé ak kouraj pou kolaboré ak rinmin Krèatè-a épi Sovè-a ki vlé agrandi épi anrichi fanmi li-a jou apré jou, gras a yo » (GS 50, § 1).

1653 Fékondité rinmin épou-yo rivé jous nan frui lavi moral, spirituèl épi
2231 surnaturèl paran-yo ap transmèt bay pitit-yo gras a édikasion-an. Paran-yo sé prinsipal épi prémié édikatè pitit yo (cf. GE 3). Nan sans sa-a, youn nan dévoua fondamanal mariaj-la épi fanmi-an sé pou-l nan sèvis lavi-a (cf. FC 28).

1654 Épou-yo Bondié pa bay pou yo gin pitit, toujou kapab minnin yon lavi
mariaj ki gin sans anplin sou plan sa moun-nan ak krétyin-an yé. Mariaj yo-a kapab kléré ak fékondité charité-a, akèy-la épi sakrifis-la.

VI. L'Égliz anndan kay-la

- 1655 Kris-la té vlé grandî anndan sint Famiy Jozèf ak Mari-a. L'Égliz-la pa
759 anyin dôt pasé « fanmi Bondié-a ». Dépi nan orijîn-li, nouayo l'Égliz-la
anpil fouda sé moun ki té vîn kouè « avèk tout kay » yo-a (cf. Ac 18, 8). Lè
yo té konvèti, yo té vlé pou « tout kay yo-a » sovè tou (cf. Ac 16, 31 et 11,
14). Fanmi sa-yo ki té vîn kouè, sé té ti zilé lavi krétyin-an nan mitan
moun ki pa-t kouè-yo.
- 1656 Jodi-a, nan yon réalité ki anpil fouda étranjé parapò a lafouda-a oubyin
minm k-ap konbat li, fanmi krétyin-yo gin pi gran inpòtans kòm foudayé
2204 yon lafouda vivan k-ap kléré. Sé poutèt sa, dézièm Konsil Vatikan-an rélé
fanmi-an ak yon anyin ékspresion, *Ecclesia domestica* (Égliz-anndan-
lakay) (LG 11 ; cf. FC 21). Anndan fanmi-an, paran-yo « ak paròl yo épi
égzanp yo, sé premié moun k-ap préché lafouda-a pou pitit yo épi yo doué
ankourajé yo chak nan vokasion yo, min ak yon souin patikilié pou
vokasion sakré-a » (LG 11).
- 1657 Sé la-a, yon fason spésial, *sasèrdòs batismal* papa fanmi-an, manman-
1268 an, pitit-yo, tout manb fanmi-an égzèsé « nan résévoua sakréman-yo, nan
priyè-a ak nan aksion-d-gras-la, gras a témouagnaj yon lavi ki sin, gras a
rénonman-an épi rinmin ki aktif-la » (LG 10). Konsa fanmi-an sé premié
2214 lékòl lavi krétyin-an épi « yon lékòl pou aprann moun-nan vîn moun tout
bon vré » (GS 52, § 1). Sé la yo aprann pasians ak satisfaksion travay-la,
rinmin tankou frè-a, padon ak kè louvri, minm pliziè fouda, épi sitou sèvi
2685 Bondié nan priyè-a ak nan ofrann pròp lavi-a.
- 1658 Gin kèk moun ankò pou nou fè sonjé, poutèt sitiasion détèminé koté yo
doué viv-la – épi anpil fouda san yo pa t-a vlé-l – ki pré kè Jézu yon fason
spésial épi ki mérité aféksion ak souin anprésé l'Égliz-la sitou bò koté
Pastè-yo : sé gran kantité *moun k-ap viv sélibatè-yo*. Anpil nan yo rété *san*
fanmi sou tè-a, anpil fouda poutèt sitiasion povreté. Ginyin k-ap viv
2231 sitiasion yo-a dapré léspri Béatitud-yo, antan y-ap sèvi Bondié ak prochin-
an yon fason égzanplè. Nou doué ouvri pòt fanmi-yo pou yo tout, « Égliz-
2233 anndan-lakay »-yo, épi pòt gran fanmi l'Égliz-la : « Pa gin pèsonn ki san
fanmi sou tè sa-a : l'Égliz-la sé kay ak fanmi pou yo tout, sitou pou sa “k-
ap rédi anba gro chay” (Mt 11, 28) » (FC 85).

RÉZIMÉ

- 1659 *Sin Pòl di* : « *Mésié-yo, sé pou nou rinmin madanm-nou tankou Kris-
la té rinmin l'Égliz-la [...]. Mistè sa-a gran, mouin di sa minm osijè
Kris-la ak l'Égliz-la* » (Ep 5, 25. 32).
- 1660 *Alians mariaj-la koté yon gason ak yon fi fòmé yon kominoté lavi ak
rinmin intim, sé Kréatè-a ki fondé-l épi ki ba-l pròp règléman-l. Dapré*

sa-l yé, li fèt pou byin épou-yo, épitou pou fè pitit épi édiké yo. Ant batizé-yo Kris Granmèt-la l'évé-l nan dignité yon sakrémán (cf. GS 48, § 1 ; CIC, can. 1055, § 1).

- 1661 *Sakrémán mariaj-la signifíé Kris-la ak l'Égliz-la fè youn. Li bay épou-yo lagras pou yo rinmin youn lòt ak rinmin Kris-la té rinmin l'Égliz-la ; konsa lagras sakrémán-an pèfeksioné rinmin épou-yo ginyin kòm moun-nan, li konfirmé yo fè youn san sa pa kapab défèt épi li sanktifíé yo sou chémin lavi pou tout tan-an (cf. Cc. Trente : DS 1799).*
- 1662 *Mariaj-la fondé sou konsantman épou-yo, sètadi sou volonté yo ginyin pou youn bay lòt-la pròp tèt-li pou yo kapab viv nan yon aliáns rinmin ki fidèl épi donnin frui.*
- 1663 *Paské mariaj-la établi nan yon éta lavi piblik nan l'Égliz-la, sélébrasion-l doué piblik épi anndan sélébrasion litijik-la, dévan prèt-la (oubyin yon témouin kalifíé l'Égliz-la), témouin-yo épi asanblé fidèl-yo.*
- 1664 *Fè youn-nan, pa kapab défèt-la, épi léspri ouvri pou pitit-yo ésansiyèl pou mariaj-la. Poligami-an kontrè ak karaktè youn mariaj-la fè youn-nan ; divòs-la séparé sa Bondié mété ansanm ; réfizé gin pitit-la séparé lavi épou-yo ak « pi bèl kado »-l, pitit-la (GS 50, § 1).*
- 1665 *Nouvo nòs moun divòs-la séparé, antan konjouin léjitim-nan vivan, sé yon transgrésion projè Bondié-a épi Laloua Kris-la té aprann nou-an. Yo-minm yo pa séparé ak l'Égliz-la, min yo pa kapab résévoua Kominion ékaristik-la. Y-ap minnin lavi krétyin yo-a sitou antan yo édiké pitit yo nan lafoua-a.*
- 1666 *Kay fanmi krétyin-an sé koté pitit-yo résévoua prémié anons lafoua-a. Poutèt sa yo gin doua rélé kay fanmi-an « Égliz-anndan-lakay », sé yon kominoté lagras ak priyè, yon lékòl vèrtu moun doué ginyin kòm moun épi charité krétyin-an.*